




Limye Pou Lekòl La

Janvye—Fevriye 2011

Èske Mwayèn 10 Posib ?

E. Shenk

Atik sa a pa reyèl. Li fè mwen fristre. Jounen an te difisil. Mwen fatige – twò fatige pou fini ak leson mwen pou demen, oubyen pou korije devwa klas katriyèm ane sou lavi Tousaint yo, oubyen pou chanje lis la epi prepare devwa mwa mas yo. Demen maten m'ap leve a 5è.

Se posib mwen pa t' gen tan pou li atik la. Men, menm pwofesè a bezwen kèk minit pafwa pou fè yon ti poze, pa vre ?

Nan baz li, atik la se yon lis anpil pwofesè sou kalite yon bon jan pwofesè. *Yon pwofesè dwe kenbe kè li nan amoni ak Bondye pou li kapab dirije etidyan li yo nan direksyon Li. Yon pwofesè bezwen pasyans san limit. Yon pwofesè zele lè li bay etidyan li yon dezi pou aprann. Yon pwofesè pran swen pou dòmi ase. Pou etidyan li yo, yon pwofesè va sakrifye nenpòt bagay. Epi lis la kontinye.*

Se vre, mwen gen nòt sanblab nan jounal mwen. *Nan lide mwen, mwen vle vin yon pwofesè solid : pa dekouraje lè chay la anpil, kapab pran desizyon vit...Mwen va toujou bon, pasyan epi gen antouzyas. Etidyan mwen yo va ankouraje pou travay nan pi wo nivo yo.*

Panse ki pa janm reyalye ! Kouman yon pwofesè kapab toujou gen antouzyas ? Oubyen gen ase somèy ? Oubyen tèlman enspire etidyan yo ke yo fè pi byen yo kapab ?

Panse mwen te tonbe nan reyalye klas mwen. Tout tan panse mwen yo te rive sou Alèks.

Tout moun te rekonèt ke Alèks te yon timoun ki te gen pwoblèm. Premye kesyon dirèktè a te toujou mande mwen nan reyinyon pwofesè nou se te: « Kouman sa ye ak Alèks ? » Menm nan legliz, kèkfwa moun te pale sou Alèks epi pran pòz yo vle ede li.

Moun gen tandans pale lè yon timoun gen pwoblèm tankou Alèks. Se poutèt sa, menm anvan mwen te vini nan lekòl sa a pou anseye, mwen te gentan tande pwoblèm Alèks la.

Se te nan reyinyon paran, anvan lekòl la kòmanse

pou ane a ke mwen te premye wè Alèks. Li te ajenou, li t'ap grate yon kote nan gravye a ki te bò kote lekòl la. Manman li te pase devan li epi fè yon ti kanpe kote Alèks. Mwen te tande li di : « Alèks, poukisa ou pa al jwe ak lòt timoun yo ? »


Mwen te fè yon ti gade kote lòt timoun yo ; tout lòt timoun yo t'ap jwe lago, yo t'ap kouri monte desann. Yo pa t' gen yon bèl teren pou yo jwe, epi se te sèl devan lekòl la ki te plat, men jodia te gen anpil aktivite. Konsa, yo te ale jwe sou ti mòn sou kote lwès lekòl la. Lè mwen te gade dèyè, mwen te wè Alèks ki t'ap kouri nan direksyon jwèt la.

Nan yon ti moman, mwen te remake Alèks lage kò li sou gazon an ap gade. Èske li te deside pa jwe, oubyen èske lòt timoun yo pa t' kite li jwe ?

Mwen pa t' ankò salye Alèks. Konsa mwen te deside ale kote li kounye a, paske mwen te fin fè lòt travay mwen.

Mwen te di li : « Bonjour, genlè se ou menm yo rele Alèks la ». Mwen te chita, epi mwen te mande li : « Èske jounnen ou ap pase byen ? »

« Èske ou te wè ti pon laba a ? » Alèks pa t' reponn kesyon mwen an, men li te montre mwen ti pon ki travèse



ti rivyè dèyè lekòl la. Li te di : « Frè mwen te di mwen kouman yo bati pon yo ».

Aprè yon ti moman Alèks t'ap esplike anpil bagay sou pon, pa senpleman ti pon, men pon sispann, pon fòm ak, pon fèt ak gwo travès, elatriye. Pou yon minit, li te sanble gen kè kontan, epi fyè paske li te konnen plis pase mwen osijè pon. Nan minit sa a mwen te reyalize ke li te genyen yon ti etansèl kapasite, yon kapasite enteresan nan elèv dwòl klas twazyèm ane sa a. Mwen te deside jwenn yon chemen nan tout istwa kondwit li pou touche kè li epi soufle etansèl sa a jistan li vin yon gwo flanm – yon flanm ki va grandi jistan yon jou li vin yon gran mesye. Petèt li va syantis oubyen yon atis oubyen yon otè oubyen yon nonm koni pou bonte li ak sajès li.

Lekòl te kòmanse yon senmenn apre. Pou mwen, sa te kòmanse ak espwa, antouzyas, enèji pou akonpli nenpòt bagay.

Menm Alèks te gen yon ti souri lè li te antre lekòl la ak nouvo valiz li. Pyè te kouri vin jwenn li. « Alèks ! Biwo ou la kote pa m' nan. Vin gade ! » Cheve klè epi piti pou laj li, Pyè te sanble totalman kontrè ak Alèks cheve nwa, fò nan anpil bagay, esepite laj yo ki te menm. Alèks te swiv Pyè epi lage valiz li sou chèz biwo li. Apre sa li te gade nouvo foto yo ak postè prezidan an.

Pyè te kouri al pale ak kèk lòt nan zanmi li yo. Mwen te fè yon nòt mantal ke Pyè ak Alèks te sanble zanmi. Mwen te panse petèt Alèks pa t' gen okenn zanmi. Mwen te fè yon koudèy nan tout sal la, epi mwen te reyalize ke timoun klas 3èm ane sa yo te kounyeya elèv mwen yo.

« Bonjou, Anjela ! »

« Wi, Sara, ou kapab fè pwent kreyon kounyeya ».

« Alèks, mwen kontan wè ou maten an ! Lekòl ap kòmanse nan senk minit, konsa mete zafè ou anndan biwo ou ».

A 8è :30 mwen te sonnen klòch la epi konfizyon an te tounen yon ran trèz timoun ak anpil dezi pou aprann.

Premye senmenn lekòl la te pase rapidman. Pandan mwen t'ap òganize fèy yo sou biwo mwen jou vandredi sa a, mwen t'ap reflechi sa mwen te aprann konsen an etidyan mwen yo nan yon senmenn. Yo te montre respè plizoumwen, epi yo t'ap antre nan woutin nan byen.

Kèk pwoblèm te parèt tou. Pyè te deja montre li tèt di epi gen san cho nan rekreyasyon. Yè, pandan yo t'ap jwe foutbòl, Sara te bloke boul la. Pyè te fache ; li pa t' bon paske Sara te manke fè li tonbe. Mwen te enkyete tou pou Arawon, ki te sanble yon ti kras awogan. Rès etidyan yo te dakò tout ide li ak opinyon li, men mwen krenn ke li pa yon twò bon lidè. Epi genyen Anjela ki pa t' fè devwa li ak swen.

Epi konsènan Alèks. Kisa mwen ta fè ak li ? Chak swa li te gen anpil devwa pou fè lakay li. Li pa t' janm kapab fini ak leson li yo nan plizyè sijè. Li te entèlijan, li te kapab li byen, anreyalite li pa t' mal nan reponn kesyon yo byen. Pwoblèm li se te sèlman li pa t' rete sou devwa li. Souvan mwen ta pase kote biwo li epi wè li ak manton li nan men li, ap kalewès. Anreyalite li te sanble ap kalewès tout tan. Tout tan li t'ap pèdi kreyon, gòm oubyen menm devwa li. Pandan rekreyasyon, li te raman patisipe nan jwèt la. Li te mal jwe jwèt yo. Nan manje a midi, li te apenn kòmanse manje jistan Pyè, ki manje twò vit, te gentan pre pou li sòti.

Wi, se Alèks, timoun pwoblèm nan. Alèks, ti gason mwen te panse ki te genyen yon ti etansèl kapasite a. Alèks, etidyan mwen te reve mwen ta ankouraje ak dousè epi vrèman touche a. Alèks, etidyan mwen te espere yon jou va yon gran mesye a.

Kounyeya sis mwa apre mwen t'ap gade atik « bon pwofesè a » epi sonje ankò bon entansyon yo mwen te ekri nan jounal mwen. *Yon bon pwofesè bezwen pasyans san limit. « Nan ideyal mwen, mwen va yon pwofesè solid....mwen va toujou bon, pasyan, epi gen anpil antouzyas. Etidyan mwen yo va ankouraje epi travay nan pi wo nivo yo ».*

Mwen t'ap panse sou kouman mwen te travay di pou rive nan ideyal mwen pou etidyan mwen yo, espesyalman pou Alèks. Anseye lekòl se lavi mwen, epi mwen mete tout fòs mwen ladan li. Souvan mwen pa sèten konsènan sa pou mwen fè oubyen ki kote pou mwen gade, lè sa a mwen lapriyè, sipliye Bondye pou mande Li enèji, sajès ak fòs.

Men se pa toujou pwogrè. Chak jou mwen batay ak tanperaman Pyè epi fè Anjela sonje pou ralanti epi pran plis prekosyon. Arawon toujou awogan e li pa respekte otorite : pastè a, polis, paran, menm mwen menm. Mwen te eseye anseye etidyan yo pou kenbe biwo yo nan lòd, men aswè a Anjela, Pyè ak Arawon gen liv lekòl, fèy e kreyon gaye tout kote.

Epi konsènan Alèks. Kounyeya nan finisman mwa fevriye a, devwa li yo sèlman ap vin pi mal. Kèk jou li apenn fè devwa nan yon liv. Li pa koute byen nonplis; toutan li gen pwoblèm nan kou mizik ak nan chapèl lematen. Paran li yo t'ap fè efò ak li lakay, men li pa koute yo nonplis. Mwen te eseye fè tout bagay mwen kapab pou ba li ankourajman pou travay. Men li pa la ak mwen. L'ap kalewès, l'ap bati pon. Men mwen toujou panse konsènan entansèl la ki nan Alèks. Konsa, mwen eseye lapriyè, lapriyè, men mwen pa sanble kapab rive. Mwen eseye anpil pou mwen fè yon diferans nan lavi li, men m'ap epize. Pwoblèm nan ap anvayi lespri mwen

: Si mwen se yon bon pwofesè, Alèks ta dwe touche epi kòmanse fè plis efò.

Ideyal mwen sèlman fè mwen sonje kijan mwen lwen yon pwofesè pafè. Yo fè pwoblèm mwen gen ak Alèks la ri mwen. Mwen anvi abandone.

Santiman konsa senpleman kraze ideyal mwen : *Mwen va yon bon pwofesè, epi pa va kite mwen kraze anba chay la.* Mwen te di tèt mwen mwen bezwen gen espwa, men tout sa ki te nan panse mwen se te ti nòt pou mwen bay Alèks pou devwa matematik, lekti, vokabilè, syans, lesan syans sosyal li pa t' ankò fin fè a. Jis kounyeya, ankourajman mwen ak pinisyon mwen pa chanje motivasyon li ditou.

Finalman dòmi te pran mwen, mwen te fatige.

Nan demen maten, mwen te leve a 5è jan mwen te planifye. Nouvo jounen an te ban mwen fòs, epi mwen te santi mwen kontan konsènan pwojè mwen. Nou t'ap travay sou desine ak vizyon. Mwen renmen desine epi mwen kontan lè mwen mete dènye liy sou chema mwen an. Se yon ray tren ki kòmanse laj epi disparèt nan orizon an. Akote ray yo, gen divès bilding ak pyebwa k'ap vin pi piti amezi y'ap pwoche pi pre orizon an ak ray k'ap disparèt la.

Pifò nan etidyan yo renmen desine epi admire desen mwen an lè mwen montre yo li. Yon bagay ki ase dwòl se ke Alèks fè byen nan desen epi nan devwa mwen pa bezwen veye li tout tan. Jodi a li enterese, epi malgre pwogrè li lant, li kontinye avanse. Lè mwen gade li, mwen etone wè fason li travay di pou fè byen nan devwa desen, men li pa enterese nan lòt sijè lekòl li.

Twazè vensenk, se lè devwa desen an fini, li rive twò vit. Alèks tris epi eseye rapidman mete yon dènye detay. Mwen kontan anpil pou kantite li te fè ak pou kouman li te travay di pou eseye. Mwen kontan anpil pou genyen yon bagay pou felisite li. Men panse li diferan e mwen remake li pa t' tèlman kontan.

« Men li Aleks. Sa reyèlman bèl. Ou kapab mete li ansanm ak lòt desen yo ».

« Men, Madmwazèl Maten, li pa bèl ase. Estasyon tren mwen an pa sanble trase byen, epi chen mwen an, ki chita akote ray la, kwochi ».

« Alèks, li bon ase. Kèkfwa bagay pa pafè, e se byen. Ou senpleman bezwen fè pi bon efò ou kapab. Mwen panse ou fè pi bon efò ou jodi a, epi se sa ki konte. Desen ou la fè mwen kontan ».

Alèks te gade mwen ak ensètitud. Je li yo te poze kesyon : Se vre ? Lè sa a yon soulajman te vini. Li te ban mwen yon souri rapid epi kouri mete fèy li a nan pil la.

Aprè lekòl, mwen te deside mete sal la nan lòd, aprè sa korije devwa desen yo. Mwen te pran echantyon desen mwen an, pran kèk fèy, epi fè pwent kèk kreyon mwen nan tay kreyon an. Lè mwen t'ap tounen nan biwo mwen, mwen te remake kreyon koulè Alèks yo sou kontwa a, kote basen an. Èske li va janm aprann mete bagay li nan plas li ?

Mwen te chita nan chèz woulant mwen pou gade desen yo. Lè m' te rive sou desen Alèks la mwen te fè ti reflechi. Pawòl mwen te di li yo briskeman te kòmanse mele ak pwòp lit mwen ak enpèfeksyon mwen. « Kèkfwa bagay pa toujou pafè, epi se byen. Ou senpleman bezwen fè pi bon efò ou kapab ». Plis pawòl te mache ak yo. « Bondye sèlman mande pi bon efò ou kapab. Li pa mande yon lekòl pafè. Sa Li vle se pou mwen fidèl epi fè pi bon efò mwen kapab minit aprè minit nan travay mwen ». Ak chak panse, mwen te santi mwen kalme epi soulaje. Mwen te santi mwen pare pou kontinye eseye menm si bagay yo pa t' sòti jan mwen te reve.

Demen mwen va tounen lekòl la. Demen mwen va fè Alèks sonje pou li ranmase kreyon koulè li yo epi atann anpil lòt defi. Men demen mwen va gen kè poze. Demen mwen pa va konsantre sou gen yon lekòl pafè oubyen yon pwofesè pafè. Demen mwen va senplman fidèl.

Rad Bondye ak Rad Pa Ou

Howard Bean

Moun panse anpil konsènan rad – koulè, twal, mòd, pri, modèl ak estil.

Èske ou te janm panse konsènan rad Bondye ?

Bib la di nou kouman Bondye abiye. Nan lang anglè a li di nou sa nan Sòm 93 :1: « Senyè a ap gouvènè, Li abiye ak *grandè* ; Senyè a abiye ak *fòs*. Li pa kapab brannen ». Nan Sòm 104 :1, 2 anglè a bay yon twazyèm

bagay kòm rad Senyè a : « Benediksyon pou Senyè a, O nanm mwen. O Senyè Bondye mwen, Ou gran ; Ou abiye ak *onè* ak *grandè*. Ou kouvri ak limyè tankou yon rad ».

Premyèman, Bondye abiye ak *grandè*. Nou wè *grandè* Li parèt nan sa Li te kreye : gwo mòn yo ki gran e bèl ; gwo lanmè ak vag k'ap frape sou rivaj yo ;

bèl solèy la ki, lè l'ap kouche, briye ak bèl koulè woz e wouj li; ak syèl la ki, nan nwit, klere ak bèl zetwal yo. Mèyè nati a montre nou grandè Li tankou li di nan Sòm 29 :4 : « Vwa Senyè a se yon vwa ki gen pouvwa ! Se yon vwa ki mande pou moun respekte Li ».

Fenomèn tan an se yon mèyè pou mwen : gwo van, loraj, zèklè, siklòn, tònad, ak syèl ble briyan sa a oubyen bèl fòmasyon nyaj yo tou. Moun nan tan Jòb te respekte grandè Bondye tou nan nati a. Jòb 37 :22 di : «Yon bèl klète, klere kou lò, parèt sou bò nò. Nou wè Bondye kanpe nan mitan yon bèl limyè ki fè nou pè ».

Pouvwa Bondye refilete nan lajè plan Li, fondè mizèrikòd Li, ak wotè lamou Li nan delivrans. Nan Efezyen 1 :3, 4 Pòl te beni Bondye ki beni nou ak tout kalite benediksyon espiyèl nan Kris la : « Byen lontan anvan Bondye te kreye lemonn, Li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou Li, pou n' te san repwòch devan Li. Nan renmen Li renmen nou an ». David te di sa byen pandan li t'ap beni Bondye piblikman nan preparasyon pou konstriksyon tanp lan : « Senyè, Ou gen pouvwa, Ou gen kouray ! Se pou Ou tout lwanj. W'ap dominen sou tout bagay pou tout tan. Tout sa ki nan syèl la ak sou latè a se pou Ou yo ye. Se Ou menm Senyè ki sèl wa, paske Ou sèl chèf sou tout bagay » (1 Kwonik 29 :11).

Dezyèmman, Bondye abiye ak fòs. Se fòs Li ki kenbe planèt yo ak zetwal yo nan lòd, epi se menm fòs sa a ki kenbe menm tout ti bagay nan lòd. Ebre 1 :3 di : « Pitit sa a refilete limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye Li ye. Se Li menm k'ap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl Li. Lè Li fin delivre moun anba peche yo, Li monte chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye, Gran Wa a ».

Fòs Li bay delivrans, lè Li netwaye peche nou pa mwayen san Jezi. Tankou otè chan an ekri : « Si ou vle kase tout kòd vye peche, gen fòs nan san Kris, layo Bondye ».

Twazyèmman, Bondye abiye ak onè. Sòm 111 :3 di : « Tout sa Li fè, se respè ». Premye Kwonik 16 :27 di nou : « Devan Li, se respè ». Onè Bondye wo nan espresyon lwanj kreyati ki nan syèl la. Pa egzanp, Revelasyon 4 :11 di : «O Bondye, Mèt nou, Ou merite pou Ou resevwa lwanj, respè (onè) ak pouvwa. Se Ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske Ou vle l' ».

Apòt Jan te tandè plizyè milye zanj byen fò ap pwoklame : « Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba Li pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj » (Revelasyon 5 :12) epi chak moun sou latè a ak nan syèl la t'ap di : « Lwanj, respè, pouvwa, otorite

pou Moun ki chita sou fotèy la, ak pou ti Mouton an pou tout tan » (Revelasyon 5 :13). Bib la pale tou nan sans figire kouman yon kretyen dwe abiye. Yon pitit Bondye kapab di : « Li kouvri mwen ak pouvwa Li pou Li sove mwen, Li vlope m' nan bra Li pou Li delivre mwen » (Ezayi 61 :10).

Anplis abiye ak delivrans, ou dwe abiye ak imilite. Nan lang anglè a, li di nou nan 1 Pyè 5 :5 : « Abiye ak imilite, paske Bondye reziste moun ki ògeye, men Li fè moun ki enb yo gras ».

Abiye ak delivrans ak imilite va fè yon gwo diferans nan fason ou abiye kò ou. Premye Timote 2 :9 bay plizyè prensip : « Mwen ta renmen tou pou medam yo abiye yon jan ki kòrèk, tou senp, san fè endesans. Yo pa bezwen nan fè gwo kwafi, mete gwo bijou lò ak bèl grenn pèl ni rad ki koute chè sou yo ». Premye Pyè 3 :3 ede nou tou konprann sa. Men kat enstriksyon konsènan sa :

1. Abiye yon jan ki kòrèk. Sa vle di kò kretyen an dwe kouvri. Rad transparan oubyen mens pa sifizan. Jip la oubyen wòb la dwe long ase pou diminye tout atirans lachè (Matye 5 :28). Pa mete rad dekolte, epi evite estil ki atire atansyon, ki fè lòt yo gen move panse. Rad la dwe laj ase pou kache olye fè fòm kò a parèt. Rad nou dwe mache ak senplisite e modesti ki vizib nan tout lavi a.

2. Pa mete bijou. Fanm dwe genyen, kòm òneman, bon zèv. Pa mete pèl ni zanno lò, braslèt, chenn, elatriye.

3. Ni rad ki koute chè. Rad ou pa dwe pote kòmantè tankou : « O ! Konbyen ou peye pou rad sa a ? » Rad nou dwe konvab, li pa dwe chè oubyen dènye modèl.

4. Senp san òneman. Kisa sa vle di, mete òneman ? Sa dwe vle di yon bagay ki plis pase rad senp. Mo òneman vle di yon bagay. Li vle di mete plis pase rad ki la pou pwoteje ak kouvri kò a nan yon fason ki kòrèk. Bi òneman se pou òne kò a. Bagay sa yo va atire atansyon sou moun ki pote li a, olye bay Senyè a onè ak lwanj. Ansyen Testaman an rapòte egzanp estravagans ak abiman sipèfisyèl konsa (Ezayi 3 :16-24). Jodi a kapab gen tandans pou ajoute dantèl ak lòt òneman nan rad. Pou mesye yo, mwen kwè mete kravati oubyen wozèt oubyen kòl se yon egzanp mete òneman.

Bondye abiye ak grandè ; ou dwe abiye ak modesti. Bondye abiye ak fòs ; ou dwe abiye ak senplisite. Bondye abiye ak onè ; ou dwe abiye ak imilite.